

Enstriksyon pou itilize **ti Sèvyèt Kò CHG**

Pou Pasyan ki sibi Operasyon nan Kolòn Vètebral

Enstriksyon sa yo se pou kijan pou itilize ti sèvyèt antiseptik **Kloreksidin Glikonat (Chlorhexidine Gluconate, CHG)**. Prepare po ou ak ti sèvyèt CHG ede anpeche enfeksyon. Ou pral aplike tretman CHG a **de (2) fwa** : yon fwa nan sware anvan operasyon an, ak yon fwa nan maten anvan lè operasyon an. Pa raze, koupe oswa retire pwal nan kò yo anvan jou operasyon an oswa maten anvan lè operasyon an. Kenbe pake yo nan tanperati nòmal.

Sware Anvan Operasyon an







Pa sèvi ak poud, deyodoran, oswa losyon.

1. Benyen oswa Fè Twalèt ou - lave cheve w, figi w, ak kò w ak chanpou regilye, rens, savon, elatriye.
2. Rense chanpou regilye a, rens lan ak savon an byen.
3. Seche po ou ak yon sèvyèt pandan w ap tape l sou li.
4. Kouvri tèt ou ak yon sèvyèt oswa rad pwòp epi tann 15 minit.
5. Retire rad la epi aplike ti sèvyèt CHG yo sou po fre epi ki sèch la jan yo endike l nan foto ki anba yo.

Nan Maten anvan lè Operasyon an

Pa sèvi ak poud, deyodoran oswa losyon.

1. Benyen oswa Fè Twalèt ou - lave cheve w, figi w, ak kò w ak chanpou regilye, rens, savon, elatriye.
2. Aplike ti sèvyèt CHG yo sou po fre epi ki sèch la jan yo endike l nan foto ki anba yo.

| | | |
|--|--|---|
| <p>1</p> <p>Sèvi ak yon sèl ti sèvyèt pou kou ou, pwatrin, ak vant ou.</p>  | <p>2</p> <p>Sèvi ak yon sèl ti sèvyèt pou toude ponyèt ou yo, kòmanse nan zepòl la (ki gen ladan zòn anba bra) epi fini nan pwent dwèt yo.</p>  | <p>3</p> <p>Sèvi ak yon sèl ti sèvyèt pou anch dwat ak gòch ou yo ak yon lòt pou lenn ou. Siye pli nan zòn nan vant ou ak nan zòn lenn ou. Evite ti pati w yo.</p>  |
| <p>4</p> <p>Sèvi ak yon sèl ti sèvyèt pou janm dwat ou ak pye w, kòmanse nan kwis ou pou fini nan zòtèy ou yo.</p>  | <p>5</p> <p>Sèvi ak yon sèl ti sèvyèt pou janm goch ou ak pye w, kòmanse nan kwis ou pou fini nan zòtèy ou yo.</p>  | <p>6</p> <p>Sèvi ak yon sèl ti sèvyèt pou do ou kòmanse anba kou ou pou fini nan liy ren ou. Pou fini, netwaye dèyè w. Konsantre sou zòn kolòn vètebral la. Mande èd si ou pa ka rive nan tout zòn yo.</p>  |

- Pa rense kò wapre w fin netwaye po w ak ti sèvyèt CHG yo. Kite kote yo seche nan lè a pandan yon minit. Li nòmal pou ou santi po w ba w yon sansasyon kole pandan plizyè minit. Sa ap disparèt apre po ou fin sèche.
- Abiye ak rad pwòp apre po ou fin seche.
- Jete ti sèvyèt yo nan fatra; pa flòch yo nan twalèt.
- **Pa sèvi ak poud, deyodoran oswa losyon.**

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele chirijyen oswa ekip operasyon ou a